

ENFÒMASYON BRÈF SOU

Chanjman nan Asirans NY State of Health Pandan Kriz Kowonaviris la

Pa rete san asirans.

**NY State of Health se
Mache ofisyèl plan
asirans sante New York.**

Nou la pou ede ou.

Aplike kounya.

 Sou entènèt nan
nystateofhealth.ny.gov

 Nan telefòn nan nimewo
1-855-355-5777
Telefòn Tèks:
1-800-662-1220

 Antre an kontak ak yon
Asistan Enskripsyon sou
[info.nystateofhealth.
ny.gov/findassistor](mailto:info.nystateofhealth.ny.gov/findassistor)

**Li esansyèl pou w gen asirans
sante. Plis pase avan.**

NY State of Health pran plizyè mezi pou ede moun k ap viv New York ki pa gen asirans oswa ki pèdi asirans patwon yo.

Kesyon Moun Poze Souvan:

**Chanjman nan Revni ak Pèt Asirans
Patwon:**

Kisa m dwe fè si m pèdi pwoteksyon asirans sante patwon m nan oswa mwen pa gen mwayen pou m benefisye asirans COBRA patwon m nan ofri a?

- Ou kapab benefisye èd pou w peye pwoteksyon asirans sante w la gras a NY State of Health oswa ou kapab benefisye asirans gratis.
- Pa pran tan pou w aplike. Ou dwe aplike nan 60 jou aprè w fin pèdi asirans ou an pou w sèten ou kapab enskri pou asirans ane sa a.

Kisa m dwe fè si revni m chanje epi mwen te deja enskri nan asirans NY State of Health la? Èske mwen kapab jwenn plis èd pou m peye asirans mwen an?

- Ou kapab benefisye èd pou w peye asirans ou an. Mete kont ou an ajou ak nouvo revni w yo nan 60 jou aprè chanjman an. Ou kapab kalifye pou plis èd finansye ki ka redui pri asirans ou an.

NY State of Health konfòme li ak lwa Federal konsènan dwa sivik ak lwa etatik ki anplis epi li pa fè diskriminasyon ki baze sou ras, koulè, orijin nasyonal, kwayans/relijyon, laj, sèks, eta sivil/sityasyon familyal, kazyè jidisyèl, kondanasyon penal, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, karakteristik predispozisyon jenetik, sityasyon militè, sou baz viktim vyolans nan kay epi/oswa vanjans.

Chanjman nan Asirans NY State of Health Pandan Kriz Kowonavis la

Kisa Iwa CARES (Coronavirus Aid, Relief and Economic Security (Èd, Soulajman ak Sekirite Ekonomik)) la ye?

Kongrè a te adopte Iwa CARES (Coronavirus Aid, Relief and Economic Security (Èd, Soulajman ak Sekirite Ekonomik)) la epi Prezidan Trump te pibliye l 27 mas 2020. Yo te adopte pwogram èd ekonomik \$2.2 milya sa a pou pwoteje pèp ameriken an kont konsekans COVID-19 la sou plan sante piblik ak ekonomik. Lwa CARES bay travayè ameriken, fanmi ak ti biznis èd ekonomik, epi li gen objektif konsève travay endistri ameriken yo.

NOUVO Pèman Revni Federal/Endamnite Chomaj Nan Kad COVID:

Mwen resewva yon pèman apati Iwa federal CARES (sa yo rele pèman relans lan). Èske yo konsidere montan sa a kòm yon revni nan aplikasyon NY State of Health mwen?

- Non. Pèman relans lan pa konte kòm revni pou konsomatè NY State of Health. Konsomatè ki kalifye yo ap resewva yon pèman inik nan men Depatman Trezò Ameriken an. Yo distribye pèman sa yo an konfòmite ak yon nouvo Iwa federal yo rele Lwa CARES yo pibliye pou fè fas ak pandemi COVID-19 la. Konsomatè ki kalifye yo ap resewva yon grenn pèman \$1,200 pou chak adilt ak \$500 pou chak timoun.

Mwen resewva Endemnite Chomaj pou Pandemi an nan men leta anplis alokasyon chomaj nòmal mwen yo. Èske m dwe deklare l kòm revni lè m aplike pou asirans sante nan NY State of Health?

- Sa depan de ou. Yo konsidere pèman pwogram Endemnite Chomaj pou Pandemi (\$600 pa semèn) an kòm yon revni pou kèk moun ki enskri nan NY State of Health, men pa pou tout.
- [Deklare Endemnite Chomaj pou Pandemi \(Pandemic Unemployment Compensation\) ou an si:](#)
 - Ou pa gen timoun* lakay ou, EPI
 - Revni w pa ane depase \$25,520 pou yon sèl moun oswa \$34,480 pou yon koup
- [PA Deklare Endemnite Chomaj pou Pandemi \(Pandemic Unemployment Compensation\) ou an Si:](#)
 - Ou gen timoun.*
 - Revni ou prevwa pa ane pi ba pase 25 520 \$ pou yon sèl moun oswa \$34,480 pou yon koup.
- Si w bezwen mete aplikasyon w lan ajou pou w ajoute Endemnite Chomaj pou Pandemi an kòm revni, Asistan ak Sèvis Kliyan NY State of Health disponib pou ede w ranpli aplikasyon w lan.

* Mo "timoun" nan siyifi timoun ki poko gen 19 lane, oswa de 19 ak 20 lane si li se yon etidyan a plen tan.

Chanjman nan Asirans NY State of Health Pandan Kriz Kowonaviris la

Delè Gras & Pèman Asirans:

Mwen enskri nan Essential Plan (EP) epi mwen gen yon prim \$20 pa mwa. Èske mwen dwe fè premye pèman pou prim mwen an nan 10 jou pou asirans mwen an kòmanse?

- Pandan peryòd kriz Kowonaviris la, plan sante yo ap ba ou yon delè ki pi long pou w fè premye pèman \$20 w la. Ou dwe pale ak ajan plan sante ou enskri ladan an.

Mwen enskri nan Qualified Health Plan (QHP). Èske m dwe fè premye pèman prim mwen an nan dis (10) après dat kòmansman asirans mwen an?

- Wi. Tout moun ki enskri nan QHP, ni sa yo ki peye tout pri prim nan ak sa ki resevwa kredi enpo pou prim antisipe (advance premium tax credits (APTC)), dwe fè premye pèman prim pou asirans yo a kòmanse. Kèk plan kapab depase delè 10 jou a. Ou dwe pale ak ajan plan sante ou enskri ladan an.

Mwen enskri nan yon Qualified Health Plan deja epi mwen resevwa èd pou m peye asirans avèk APTCs. Konbyen tan mwen genyen pou m peye prim pa mwa m nan?

- Pandan peryòd kriz Kowonaviris la, yo pwolonje delè ou genyen pou w peye asirans pa mwa w la, sa yo rele yon "delè gras", de 90 a 120 jou. Ou pa bezwen pwouve ou gen difikilte finansye pou w benefisye pwolongasyon delè gras la. Fakti plan sante w la ba ou a ap montre dat lè pèman yo dwe.
- Si ou pa peye prim ou an pandan delè gras 120 jou sa a, plan sante w la kapab met fen a asirans ou an 60yèm jou delè gras la epi ou p ap sou asirans pou sèvis ou itilize après dat sa a epi ou ka pa kapab jwenn asirans pou rès ane a, sof si ou sibi yon evènman nan lavi ki merite pou deklanche yon SEP.
- Si w gen difikilte pou w peye asirans ou an, kontakte NY State of Health, oswa pale ak ajan plan sante w la. Kapab gen yon opsyon ki pi abòdab pou ou.
- **Nòt:** Depatman Sèvis Finansye Eta New York (NYS Department of Financial Services) la pibliye [rekòmantasyon](#) pou moun ki peye tout pri prim asirans lan. Yo mande yon atestasyon difikilte finansyè pandan COVID-19 pou popilasyon sa a.